



[Comcast RISE](#) pran angajman pou l soutni kwasans tout ti biznis yo, pandan l ap fè pwogrese objektif divèsite, ekite ak enklizyon, ansanm ak investisman kominotè. Pwogram nan kreye pou ede biznis yo ak kominote yo pwospere avèk yon fokus sou kwasans ekonomik. Ane sa a, Comcast RISE pral akòde yon pakè sibvansyon bay 500 benefisyè nan senk vil, ki gen ladan sèvis konsiltasyon pou biznis, resous pou edikasyon, sibvansyon lajan, pwodiksyon kreyatif, medya, ak renovasyon teknolojik.

[Comcast RISE](#) siyifi Reprèzantasyon, Investisman, Fòs ak Otonomizasyon (ann Anglè Representation, Investment, Strength, Empowerment). Comcast RISE te kreye an 2020 pou ede ti biznis ki te frape di ak Covid-19 pou yo retabli epi pwospere. Pandan premye pwogram dezan li a, 13,000 ti biznis te resevwa plis pase \$110 milyon nan sibvansyon lajan, maketing, ak teknolojik. Pandan nou sèvi ak sa nou aprann nan seri pase nou yo, nou kontan tounen pote Comcast RISE an 2023. Pandan ti biznis yo ap fè tranzisyon sot nan rekipèrasyon pandemi an pou yo konsantre sou ekspansyon ak kwasans, Comcast pral kontinye ak efò li yo epi ede yon pi gwo seri ti biznis toujou, pandan l ap kontinye konsantre sou divèsite, enklizyon, ak investisman nan kominote a.

Comcast RISE se youn nan plizyè pwogram Comcast te sipèvize nan kad [Project UP](#) lan ki vize pou bouche twou dijital la epi reyalize ekite dijital.

DETAY PWOGRAM LAN

500 prim antou pral distribye nan fason konsa:

- 100 ti biznis nan chak vil
- Chak biznis pral resevwa:
 - Sibvansyon lajan \$5,000
 - Pwodiksyon kreyatif, medya, ak renovasyon teknolojik
 - Resous pou edikasyon
 - Sèvis konsiltasyon pou biznis
- Peryòd aplikasyon an se 1-30 Jen 2023
- Yo pral anonse sibvansyon yo nan fen mwa Out epi akòde yo nan mwa Septanm 2023
- Aplikasyon yo pral disponib sou Entènèt nan www.comcastrise.com.

KALIFIKASYON POU PWOGRAM

Pou yo kalifye, biznis yo dwe:

- Etabli depi 3 ane oswa plis
- Gen 100 anplwaye oswa mwens a tan plen oswa a tan pasyèl
- Posede ak opere yon fason endepandan
- Sitiye nan anplasman jewografik annapre la yo:
 - Baltimore** (Vil Baltimore)
 - Detroit** (Konte Macomb , Konte Oakland , Konte Wayne , Konte Washtenaw)
 - Memphis** (Konte Shelby)
 - Philadelphia** (Konte Philadelphia)
 - Portland** (Konte Multnomah)
- Pou jwenn lis konplè detay sou kalifikasyon, vizite www.comcastrise.com.

**Kounye a se
Moman pou Leve
Aplike jodi a.
ComcastRISE.com**

